



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO AJOUTE NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2021 AN LEJISLASYON KI AP RESPONABILIZE LAPOLIS ETA A POU ENVESTIGE KRIM ENTÈNÈT KONT TIMOUN YO

Lejislasyon an Pral Pèmèt Sipèentandan Lapolis Eta a Emèt Asiyasyon Administratif Pou Trake Predatè Anliy yo

Pouvwa Asiyasyon an Pral Asire Repons Rapid nan Men Lapolis Eta a Sou Krim Seksyèl Anliy ki Enplike Timoun yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lejislasyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2021 ki bay Sipèentandan Lapolis Eta a dwa pou li emèt asiyasyon administratif kòm yon fason pou responsabilize Lapolis Eta a pou ankete krim seksyèl kont timoun yo sou entènèt. Nouvo pouvwa sa a pral pèmèt Lapolis Eta a avanse rapidman pou idantifye epi lokalize moun yo sispèk ki nan eksplwatasyon seksyèl sou entènèt sou minè nan senplifye pwosesis asiyasyon ki nesèsè pou jwenn achiv sou entènèt yo a.

"Nou dwe fè tout sa ki posib pou pwoteje timoun nou yo epi pou mete yon fren nan jeneralizasyon abi seksyèl sou entènèt yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk pi gran konpetans pou trake ak arete predatè sou entènèt yo avan yo kapab refizye yo sou entènèt la, nou pral pi byen prepare pou mennen predatè sa yo lajistis epi pi byen pwoteje timoun New York."

Lapolis Eta a souvan resevwa pis sou krim seksyèl sou entènèt yo ki enplike timoun yo ki gen sèlman adrès IP oswa idanfyan entènèt sispèk yo te itilize a. Si yo detèmine yo te komèt yon krim, y ap bezwen genyen yon asiyasyon pou yo ka jwenn achiv debaz kont abònè a nan men founisè sèvis entènèt la pou yo ka idantifye ak lokalize sispèk la. Li enpòtan anpil pou yo fè ankèt sa yo rapid paske founisè sèvis entènèt yo pa kenbe done sa pou lontan epi predatè sou entènèt yo souvan chanje adrès IP yo regilyèman pou anpeche yo detekte yo.

Pwosesis ankèt aktyèl la egzije pou yon ajans eksteryè emèt yon asiyasyon. Eksperyans montre sa rann li difisil epi li pa efikas, sa ki anpeche anketè yo reponn rapidman ak nan yon fason efikas. Nan tan pase, reta pou jwenn asiyasyon yo bezwen an te prèske sètènman lakòz predatè yo sove pou yo pa gentan detekte yo.

Lwa federal la pèmèt ajans gouvènman yo emèt asiyasyon administratif pou sipòte ankèt sa yo, sepandan, yo dwe ba yo espesifikman pouvwa sa a dapre lwa Eta a. Pwopozisyon Gouvènè a senpleman fè sa epi li pral pèmèt Lapolis Eta a itilize menm zouti ankèt lòt ajans fòs lapolis onivo lokal ak onivo Eta toupatou atravè peyi a yo ap

itilize aktyèlman pou konbat fleyo enfraksyon sou entènèt k ap sible viktim ki pi jèn ak pi vilnerab nou yo. Anplis de sa, nan kad inisyativ sa a, asiyasyon an pap rann kontni aktyèl kominikasyon sou entènèt yo disponib dapre pwopozisyon sa a, epi divilgasyon kontni achiv yo pral kontinye egzije pou gen otorizasyon yon tribinal.

Sipèentandan Lapolis Eta a, Keith M. Corlett, te deklare, "Pwopozisyon sa a bay yon zouti enpòtan pou envestige krim sou entènèt yo kont timoun, nan ede nou idantifye sispèk yo rapidman avan yo aji pou evite yo detekte yo. Sa sipòte objektif final nou an pou rann predatè sou entènèt yo responsab avan yo fè plis domaj".

Lapolis Eta a se yon manm kle nan Fòs Entèkansyon Kont Krim sou Entènèt Kont Timoun Eta New York (New York State Internet Crimes Against Children Task Force) la, ki fè pati yon pwogram nasyonal k ap konbat enfraksyon kriminel kont timoun yo, ki gen ladan eksplwatasyon seksyèl ak ensitasyon, atravè entènèt la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)